кўринишини ижро қилиш орқали ўз маҳоратларини намойиш қилишди.

Кўрик танловда биринчи ўринни Нукус шаҳридан Нодира Караматдинова, иккинчи ўринни Хўжайли туманидан Озода Қарлибаева ва Шўманой туманидан Аймекен Нарарова, учинчи ўринни Чимбой туманидан Зулфия Мақсетбаева ва Амударё туманидан Сайёра Сапарбаевалар ғолиб бўлишди.

Кўрик танлов ғолиблари Қорақалпоғистон Республикаси Маданият вазирлиги ҳамда уй-музей ходимлари томонидан диплом ва пул мукофотлари билан тақдирланди.

Шунингдек уй-музейда турли тадбирлар, ёзувчи-шоирлар, санъаткорлар иштирокида ҳар хил учрашувлар, давра суҳбатлари мунтазам ўтказиб келинади.

Хулоса ўрнида шуни айтиш мумкинки, Амет ва Айимхан Шамуратовлар уй-музейи юртимизда мавжуд бўлган уй-музейлар орасида ўз ўрнига эга. Бу музей халқимизни тарихдан сабоқ олиб, нурли келажакка даъват этувчи маънавий-маърифий маскан сифатида халққа хизмат қилмоқда. Мустақил мамлакатимизда бундай ибратли маданият ўчоқлари ёш авлодни, халқимизни Ватанга содиқлик, она-ерга муҳаббат, мустақиллигимизни кўз қорачиғидай асраш руҳида тарбиялашдек муқаддас ишга ўзининг муносиб ҳиссасини қўшиб келмоқда.

**Адабиётлар**


1. Ўзбекистон Республикаси давлат статистика қўмитаси расмий веб сайти: - https://stat.uz/uz/
2. Амет ва Айимхан Шамуратовалар уй-музейи расмий веб-сайти. – https://shamuratova.uz/
3. Айтмуратов Ж. Первая каракалпакская актриса и самоотверженный деятель искусства.// Central asian journal of social sciences and history. volume: 04 issue: 01 | jan 2023.
4. Амет ва Айимхан Шамуратовалар уй-музей жорий архиви: Амет ва Айимхан Шамуратовалар уй-музейи ҳақида маълумотнома. 1-б.
5. Амет ва Айимхан Шамуратовалар уй-музей жорий архиви: 2017 йил ҳисоботи.



**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада мустақиллик йиллари Нукус шаҳрида ташкил қилинган Амет ва Айимхан Шамуратовалар уй-музейи тарихи баён қилинган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье описана история дома-музея Амета и Айымхан Шамуратовых, созданного в городе Нукусе в годы независимости.

**SUMMARY.** This article describes the history of the house-museum of Amet and Ayimkhan Shamuratov, created in the city of Nukus during the years of independence.


## ҮСТИРТТЕГИ ОРТА ӘСИРДЕГИ ТУРМЫСТЫҢ ДӘРЕКЛЕРДЕ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ


**Е.Е.Қанаатов** – *филология илимлери бойынша философия докторы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** Устюрт, тарихий манба, ўрта аср, карвон, элчи, оғуз.

**Ключевые слова:** Устюрт, исторические источники, средневековье, караван, посол, огуз.

**Key words:** Ustyurt, historical sources, medieval, caravan, ambassador, oguz.


Үстирт турмысының орта әсирлик дәўири сыпатламасы бирқатар жазба дереклерде сақланып қалған. Олар аймақтағы тарийхый ҳалатты түсиниў, жергиликли халықлар ортасында ҳәр қыйлы дәўирлерде болып өткен этногенетикалық процесслер, саўда жөнелислери ҳәм қоңсы жерлер менен байланысларды анықлаў ушын көп қызықлы ҳәм бийтәкирар мағлыўмат береди.

VI әсир орталарынан-ақ Арал-Каспий тегисликлерине Батыс Түрк қағанлығы тәсири тарқалды, бул ҳаққында соғдлы Маниах басшылығындағы қаған елшиханасы ҳәм византиялы елши Земарх жөнелислери дерек береди [1:19]. Елши Земархтың қайтыўдағы жолы Арал теңизи арқалы Үстиртке шығыў жолы менен Жемге (Их), Жайыққа (Даукс), Едилге (Атилл, Итиль) өтеди [2:220]. Сол дәўирде Арқа-Шығыс Каспий бойы Орта Азияның Волгабойы менен саўда-дипломатиялық қатнаслары тараўына қосылды, бир тәрептен – Маңғыстаў (Маңғышлақ) ҳәм Каспий (теңиз) арқалы, басқа тәрептен – Үстирт, Жем ҳәм Жайық арқалы өтеди. Бул саўда-сатық Итиль (Едил, Волга) бойларында Хазар қағанатының пайда болыўы менен жүзеге келген, ол әсте-ақырын өзиниң сиясий тәсири тараўына Үстирт аймақларын да тарта баслады. Мысалы, X әсир орталарында Хазар қағаны Иосифтиң Кордова халифасы сарай әмелдары Хасдай ибн Шафрутқа жазған хатында келтирилиўинше, Шығыс Каспийбойы халқы Гурганға шекем (яғный Каспийдиң Қубла-Шығыс мүйешине) шекем бир ай жол даўамында қағанға салық төледи [3:81-83]. Сол дәўирде Хазар домени территориясы менен тиккелей шегараласқан жерлер (Итиль-Волга бойлары), атап айтқанда: Каспийдиң Арқа-Шығыс жағалары, Маңғыстаў (Маңғышлақ) – қағанат қурамына кирди.

Дәўири ҳәм әҳмийети бойынша күтә баҳалы дерек – IX әсирдеги таныўлы араб тарийхшысы ҳәм шайыры Абу-л-Аббас Ахмед Ибн Яхия Ибн Жабир Ал-Белазурийдиң «Еллерди басып алыў китабы» болып табылады [4:78]. Бул дерек бизге тек қысқартылған редакцияда белгили, лекин оның толық тексти XIII әсирде Якут тәрепинен оның географиялық сөзлигинде пайдаланылған. Ал, Белазурий өз китабын 892-893-жыллары жазған. Ондағы оғузлар ҳаққындағы дәслепки мағлыўматлар оғада әҳмийетли. Басқа әҳмийетли дерек IX әсир араб жазыўшысы Ахмед Ибн Абу-Якуб Ибн Жафар Ибн Вахб Ибн Вадих Ал-Якубийге тийисли [5:148-149]. Ол көплеген қызықлы, атап айтқанда, оғузлар турмысы ҳаққында мағлыўматлар береди. Бул дереклер менен бир қатарда X әсир басы араб жазыўшысы Абу-Али Ахмед Омар Ибн Русте ҳәм оның «Қымбат баҳалы тағыншақлар китабы» [6:86-88] мийнетин атап өтиў орынлы. Ол ҳәр қыйлы мәселелер бойынша энциклопедия болып табылады. Бунда биз Үстирт ҳаққында ҳәм үлкен территорияда оғузлардың, атап айтқанда, Үстиртте жайласыўы ҳаққында мағлыўматларға ийе боламыз. 951-жылы Абу-Исхах Ибрагим Ибн Мухаммед ал-Фарисий ал-Истахрий тәрепинен жаратылған «Жоллар ҳәм еллер китабы»н айрықша атап өтиў орынлы, онда ҳәрбир елге өз алдына бап ҳәм бояўлы карта арналған. Ал-Истахрийдиң бул жумысын өз гезегинде Абу-л-Қасим ибн Хаукал қайта ислеген [7:83-86]. Ол ал-Истахрийдиң илтимасына бола оның мийнетин дүзетиў ҳәм толықтырыўға кириседи ҳәм 977-жылы тамамлайды. Ал-Истахрий ҳәм Ибн Хаукал мийнетинде Үстирт ҳәм Маңғыстаў (Маңғышлақ, Сияхкух) ҳаққындағы, оғузлар, олардың жайласыў орны ҳәм Хорезм менен өз ара қарым-қатнасы ҳаққындағы жүдә баҳалы мағлыўматлар бар. Ал-Истахрий ҳәм Ибн Хаукал менен бир қатарда X әсир араб география илими ҳәм оның гүллениўиниң

классикалық ўәкили болып Абу-Абдаллах Ибн Ахмед Ибн Абу Бекр ал-Мукаддасий (ямаса ал-Макдиси) болды [8:178-180]. Оның 985-жылы жазылған «Еллерди билиў ушын ең жақсы бөлистириў» шығармасы анықлығы ҳәм деталлығы менен ажыралып турады. Онда оғузлардың Хорезм менен саўда-сатығы ҳаққындағы мағлыўматлар орын алған.

Биз ушын әҳмийетли баслы дерек болып Ахмед Ибн Фадланның шығармасы есапланады. 921-922-жылларда (ҳижрий 309-310-жыллар) Халиф Мухтадир (908-932-жж.) елшиханасы ҳәм саўда кәрўаны Волга Булгарлары патшасына Булгарияда халифаттың сиясий аўқамын орнатыў мақсетинде жиберилген еди. Елшихана хаткери ҳәм қатнасыўшысы Ибн Фадлан жөнелистиң толық сүўретлемеси менен баянлама дүзген. Онда Хорезм ҳәм Үстирт арқалы жөнелис анық көрсетилген. Сондай-ақ, бул ҳүжжетте Үстирт ҳәм оғузлар ҳаққында бирқатар баҳалы жанлы бақлаўлар келтириледи, оғузлардың турмыс-тәризи, үрп-әдетлери ҳаққында әҳмийетли хабарлар бар [9:97-98]. Тарийхшы ҳәм географ Абу-л-Хасан Али Ибн ал-Хусейн ал-Масуди ҳәм оның 947-950-жыллары жазылған «Алтын жайлаўлар ҳәм ҳасыл таслар жыйындысы» тарийхый-географиялық энциклопедиясын атап өтиў орынлы. Бул жумыста да оғузлардың турмыс-тәризи ҳаққында мағлыўматлар бар [10:166].

Өз дәўириниң уллы алым-энциклопедисти хорезмли Абу Райхан Мухаммед Ибн Ахмед ал-Беруний (973-1048-жж.) есапланады. Оның шығармаларында оғузлардың Хорезм менен қурамалы өз ара қарым-қатнаслары ҳаққында мағлыўматлар орын алған [11:145-146]. Соңғы араб географлары ишинен Якут мийнетлерин атап өтиў зәрүр. Якут мийнетлеринде төменги Волгадан Үстирт арқалы Хорезмге өтетуғын қурғақлықтағы сыяқлы кеме арқалы өтетуғын саўда жоллары ҳаққында мағлыўматлар бар [12:171-177]. Бул көз-қарастан Изз-ад-дин Абу-л-дин Абу-л-Хасан Али Ибн Мухаммед Ал-Асир (1160-1233/4-жж.) шығармаларында келтирилген мағлыўматлар да қызықлы [13:138]. Биз жоқарыда атап өткенимиздей, биз ушын әҳмийетли болған мағлыўматлар парсы тилиндеги әдебиятта да орын алған.

Биз ушын парсы тилинде жазылған мийнетлер ишинен 982-983-жыллары белгисиз автор тәрепинен дүзилген «Дүнья шегаралары» - «Худуд-ал-алем» атамасындағы географиялық трактат әҳмийетли. Оның бирден-бир жазба дереги Бухарада 1892-жылы А.Туманский тәрепинен табылған [14: 210-211]. Онда оғузлар, олардың турмыс-тәризи ҳәм жерлери ҳаққында мағлыўматлар бар, оның қурамында бизди қызықтырған аймақлар да киреди.

Абу Сайд Абдалхай ибн ал-Зиххак ибн Мухаммед Гардизийдиң «Баянлаў безеўи» атамасындағы тарийхый мазмундағы парсы мийнетин де атап өтиў зәрүр [15:93-94]. Бул жумыста биз Хорезмнен Үстирт арқалы Төменги Волгаға саўда жолының анық тастыйығын табамыз. Моңғол дәўиринен кейинги жазба дереклер тийкарынан бир тәреплеме, лекин бизиң изертлеўимиз ушын тарийхый жақтан әҳмийетли. Бул Плано Карпини, ибн Баттута ҳәм Бальдучи Пегалотти сыяқлы Европа ҳәм басқа саяхатшылардың жол жазыўлары есапланады. Бул авторлардың мийнетлери тийкарынан саўда ҳәм Хорезм, атап айтқанда, Үстирт кәрўан жоллары мәселелерине арналған.

VII әсир басында Батыс-Түрк қағанлығының әззилеўи басланады ҳәм Орта Азия арқа халықларының саҳра қәўимлери ғәрезсизликке ерисиўди баслайды. IX-XI әсирлерде Сырдәрьяның орта ҳәм төменги ағысы бассейнинде ҳәм оған тийип турған Үстирт тегислиdesignлеринде оғуз қәўимлериниң ерте феодаллық мәмлекети қуралды. Бул тарийхый дәўирде бизди қызықтырған аймақта оғуз қәўимлери орналасқан еди. Олар ҳаққындағы ең дәслепки еслеўлер IX әсирдиң биринши ярымына тийисли араб географиялық әдебиятында ушырасады.

Оғузлардың толық сүўретлемесин қалдырған Шығыс авторлары олардың жасаў тәризи ҳаққында күтә қарама-қарсы мағлыўматлар береди. Мысал ушын, Үстирт оғузларында болған Ибн Фадлан, Ал-Якубий ҳәм «Худуд-ал-алем»ниң белгисиз авторы оғузларды көшпелилер сыпатында сүўретлейди. Олар, аты аталған авторлардың мағлыўматына көре, ҳешқандай қалаларға ийе болмаған, бир орыннан басқа орынға турақлы орын өзгерткен ҳәм кийизли қара үйлерде жасаған [9:149].

Басқа авторлар – Ибн-Хаукал, Ал-Идрисий ҳәм Ал-Макдисийлердиң мағлыўмат бериўинше, оғузлардың турақлы жасаў жерлери болған, олар отырықшы ҳалда жасаған [7:166]. С.П.Толстовтың пикиринше, бул қарама-қарсы дереклерде раўажланыўдың ҳәр қыйлы басқышында турған оғуз бирлеспелериниң ҳәр түрли этникалық компонентлери арасындағы парық өз көринисин тапқан [16:70-102].

Әдебиятта бар болған пикирге көре, оғузлар күтә бир қыйлы масса болмаған, олар иран тиллес, дахо-массагет ҳәм сармат-алан қәўимлериниң әййемги масса қалдықларын ҳәм Аралбойына ҳәм Қазақстанның ҳәзирги аймағы далаларына жол алған келгинди қәўимлер массаларын өз ишине алады [17:199].

IX-XI әсирлердеги дереклердиң мағлыўматларына көре, оғузлар Сырдәрья бойының арқа тәрепинен Хазарға шекемги далаларды, Арал теңизи әтирапындағы үлкен территорияны ийелеген [9:178].

«Худуд-ал-алем» авторы Арал теңизи әтирапындағы «барлық жерлер оғузларға тийисли болған» деп жазады. Ал-Истахрийдиң атап өтиўинше, «Хорезм арқа ҳәм батыстан оғузлар (жерлери) менен шегаралас» [14:210].

Оғузлар ҳәм олардың турмыс тәризи ҳаққындағы мағлыўматлар Ибн Фадланда да бар [18: 56].

Оғузларды руў ақсақаллары басқарып отырған, олардың жас үлкени «ябғу» титулына ийе болған. Оның орынбасары «козергин» деп аталған. Әскербасы үлкен абыройға ийе болған, лекин оның ҳәкимшилиги жоқары болмаған. Айрықша ҳүрмет-иззетке руў ақсақаллары ҳәм «көсем» ийе болған. Олардан әҳмийетли мәселелерде кеңес соралған. Соның менен бирге, ески руў демократиясы күшли болған. Ислер «улыўма кеңес» жолы менен шешилген, бунда Ибн Фадланның айтыўынша, ҳәттеки шешим қабылланғаннан соң да «ең абыройсызы ҳәм ең аянышлысы келип ҳәм келисилген нәрсени кемситеди» [9:159]. Миймандослық дәстүри оғузларда басқа еллерден саўдагерлердиң олардың елине келиўине байланыслы айрықша формаға ийе болған. Бул дәстүрлердиң айқын көринисин Ибн Фадлан гүрриңи береди [9:161].

Оғузлар басқа түрклер сыяқлы Тәңир-Қудайға сыйынған болыўы итимал. «Худуд-ал-алем»де келтириўинше, «... олар ҳәрбир сулыў ҳәм әжайып нәрсеге сыйынған. Олар тәўиплерге (шаманлар) ҳүрмет пенен қараған, олардың өмири ҳәм мүлкине ийелик еткен...» [9:159].

Ибн Фадлан оғузлар ҳаққында өз гүрриңлеринде олардың ислам динине айрықша қызығыўшылығын, Қуранды шын кеўилден тыңлаўын, Алла ҳаққында сорап билиўлерин ҳәм ҳәттеки, өзлигинше, түркше, базыда жалғыз Қудайға сыйыныўын атап өтеди [9:211].

Көшпели ҳәм ярым көшпели дүнья менен жанлы саўда байланыслары тек ғана Хорезм ушын емес, бәлким шетки орынларды ийелеген оғузлар ушын да әҳмийетли болды. В.В.Бартольд жазыўынша, ең тынымсыз саўда-сатық Хорезмниң шегаралас пунктларында болып өткен, олардың ишинде жазба дереклерде Гит (Пулжай) ҳәм Үргениш тилге алынады

[19:188]. Отырықшылар олардың жайлаўларына Хорезм саўдагерлериниң келиўин күтпестен-ақ, өз падаларын айдап апарған [20:564]. Лекин, бул саўда-сатық ал-Истахрийдиң көрсетиўинше, парахатшылық дәўирде болып өткен [19:179-180].

Басқа тәрептен, X әсир тарийхый дереклердиң барлығының тастыйықлаўынша, оғузлар ўақты-ўақты менен дийқаншылық Хорезмге ҳүжим жасап турған. Ал-Берунийдиң мағлыўмат бериўинше, оғузлардың ҳүжимлери Хорезм патшаларының ҳәр жылы гүзде әскерлери менен шегараға шығыўына ҳәм өз мәмлекети аймақларын олардан қорғаўға мәжбүр етер еди [19:219]. С.П.Толстов «оғузлар менен урыс – X әсир хорезмлилердиң күнделикли турмысы көриниси», – деп жазады [21:244].

X әсир ақырына келип Волгабойына қарай баратуғын саўда жолында жайласқан оғузлар ҳәм оғуз қәўимлери ҳүкимдарлары ортасында сиясий келиспеўшиликлер жийи пайда бола баслады, олар рус князлары менен әскерий аўқамға кирип, әўелден Хазария менен байланыслы болған ҳәм оның басқа мәмлекетлер тәрепинен басып алыныўынан қәўетерленген Хорезм ушын күтә қәўипли бола баслайды. Усы жағдайды есапқа алып, С.П.Толстов Волгабойындағы Хорезмниң утыслары күшли қарсыласлар менен үзликсиз урыслар себепли ерисилген еди – Хорезмниң арқа қоңсылары, түрклер-оғузлар, олардың территориясы Хорезм жолынан Волгаға өтеди, - деп жазады [21:246]. Сондай-ақ, «Гарнатийдиң анық емес мағлыўматы бойынша, Текеш ҳүкимдарлығына ийелик етиў ушын Хорезмшаҳ Аллауддин Саксин қаласы ушын Волга бойларындағы оғузлар менен қырық жыл гүрес алып барған» [20:588-589; 21:275]. Лекин, тийкарынан, оғузлардың Хорезм менен қарым-қатнаслары жақсы болған. Мысалы, В.В.Бартольд көрсетиўинше, «1156-жылы жазылған ҳүжжетте Хорезмшах Атсыз Дуданбекке өзиниң хорезмшаҳ екенлигин, Хорезмде оғузларға жийи миймандослық көрсеткенлигин еслетеди, буннан көринип турыпты, олар (Хорезмге) қыслаўға XI әсирде Алтынташ дәўириндеги сыяқлы келген» [20:582].

Үстирт бойлап саҳра жоллары қудықлар тармағы ҳәм кәрўан-сарайлар менен тәмийинленген еди. Оғузлар ҳәм печенеглер – көшпели шарўалар – әўелгидей бул саўдаға мүтәж еди, оларға зәрүр товарларға көшпели хожалық өнимлерин алмастырар еди.

XIII әсирдиң биринши шерегинен соң бул аймақтың раўажланыўы моңғол басқыншылары себебинен ўақтынша тоқтап қалды.

**Әдебиятлар**


1. Ажигали С.Е. Очерк этнической истории аридной зоны Арало-Каспия // История и культура Арало-Каспия. Вып. 1. – Алматы: 2001.
2. Гафуров Б.Г. Таджики. Древнейшая, древняя и средневековая история. - М.: 1972.
3. Коковцов П.К. Еврейско-хазарская переписка в X в. - Л.: 1932.
4. Ал-Белазури. Извлечение из Китаб Футух ал-Булдан. Пер. С.Волина // МИТТ. Т.1. VII-XV вв. Арабские и персидские источники. Под редакцией С.П.Волина, А.А.Ромаскевича и А.Ю.Якубовского. - М.-Л.: Изд-во АН СССР, 1939.
5. Ал-Якуби. Извлечение из Китаб ал-Булдан. Пер. С.Волина // МИТТ. Т.l. VII-XV вв. Арабские и персидские источники. Под редакцией С.П.Волина, А.А.Ромаскевича и А.Ю.Якубовского. - М.-Л.: Изд-во АН СССР, 1939.
6. Ибн Русте. Извлечение из Китаб ал-алак ан-нафиса. Пер. С.Волина // МИТТ. Т.1. VII—XV вв. Арабские и персидские источники. Под редакцией С.П.Волина, А.А.Ромаскевича и А.Ю.Якубовского. - М.-Л.: Изд-во АН СССР, 1939.
7. Ибн-Хаукал // МИТТ. Т.l. VII-XV вв. Арабские и персидские источники. Под редакцией С.П.Волина, А.А.Ромаскевича и А.Ю.Якубовского. - М.-Л.: Изд-во АН СССР, 1939.
8. Ал-Макдиси. Извлечение из Ахсан Ат-такасим фи-марифат Ал-акалим. Пер. С.Волина // МИТТ. Т.l. VII-XV вв. Арабские и персидские источники. Под редакцией С.П.Волина, А.А.Ромаскевича и А.Ю.Якубовского. - М.-Л.: Изд-во АН СССР, 1939.
9. Ковалевский А.П. Книга Ахмеда Ибн Фадлана о его путешествии на Волгу в 921-922 гг. Статьи, переводы, комментарии. - Харьков: 1956.
10. Ал-Масуди. Извлечение из Китаб мурдж аз-Захаб. Пер. С.Волина // МИТТ. Т.1. VII—XV вв. Арабские и персидские источники. Под редакцией С.П.Волина, А.А.Ромаскевича и А.Ю.Якубовского. - М.-Л.: Изд-во АН СССР, 1939.
11. Абу Рейхан ал-Беруни. Извлечение из Китаб ал-асар ал Бакия ан ал-курун ал-хилия. Пер. С.Волина// МИТТ. Т.1. VII—XV вв. Арабские и персидские источники. Под редакцией С.П.Волина, А.А.Ромаскевича и А.Ю.Якубовского. - М.-Л.: Изд-во АН СССР, 1939.
12. Якут. Извлечение из Китаб муджам ал-Булдан. Пер. С.Богдановой-Березовской // МИТТ. Т. 1. VII—XV вв. Арабские и персидские источники. Под редакцией С.П.Волина, А.А.Ромаскевича и А.Ю.Якубовского. - М.-Л.: Изд-во АН СССР, 1939.
13. Ал-Асир. Извлечения из рукописи А.Туманского. С введением и указателем В.В.Бартольда. - Л., 1930.
14. Худуд-ал-алем. Пер. А.А.Ромаскевича // МИТТ. Т. 1. VII-XV вв. Арабские и персидские источники. Под редакцией С.П.Волина, А.А.Ромаскевича и А.Ю.Якубовского. - М.-Л.: Изд-во АН СССР, 1939.
15. Бартольд В.В. Отчёт о поездке в Среднюю Азию с научной целью в 1893-1894 гг. // Записки Императорской АН по историко-филологическому отделению. Т. 1. № 4. - СПб., 1897.
16. Толстов СП. Города гузов // СЭ. №3. - М.: 1947.
17. Толстов С.П. Основные вопросы древней истории Средней Азии // ВДИ. - №1. - М.: 1938.
18. Бартольд В.В. Мангышлак. Соч. Т.3. - М.: 1965.
19. Материалы по истории туркмен и Туркмении. Отв. ред. Струве В.В. Т. 1. (VII-XV вв.). Труды ИВ АН СССР. - М.-Л.: 1938.
20. Бартольд В.В. К истории орошения Туркестана. Соч. Т. 3. - М.: 1965.
21. Толстов СП. По следам древнехорезмийской цивилизации. - М.-Л.: 1948.
22. Гулямов Я.Г. История орошения Хорезма. – Ташкент: 1957. - С. 139.


**РЕЗЮМЕ.** Мақолада ўрта асрларда Устюрт саҳросидаги яшаган халқлар, қавмлар ҳамда уларнинг турмуш-тарзи ҳақида ёзиб қолдирилган тарихий манбалар шарҳланади. Араб-форс тилларида битилган манбаларда Устюрт саҳросини кесиб ўтган савдо йўллари ҳақида ҳам маълумотлар мавжуд. Ушбу маълумотлар ўрта асрларда Устюртдаги ҳаёт ҳақида тушунча ҳосил қилишга ёрдам беради.

**РЕЗЮМЕ.** В статье описаны исторические источники, написанные о народах и племях, живших в пустыне Устюрт в средние века, и их образе жизни. Арабо-персидские источники также содержат сведения о торговых путях, пересекавших пустыню Устюрт. Эта информация помогает понять жизнь на Устюрте в средние века.

**SUMMARY.** The article describes the historical sources written about the peoples and peoples who lived in the Ustyurt desert in the Middle Ages and their way of life. Arabic-Persian sources also contain information about trade routes that crossed the Ustyurt desert. This information helps to understand the life in Ustyurt in the Middle Ages.